

# Jidisyè Nyoudjèze



## Refòm Jistis Penal Enfòmasyon pou Akize: Kisa pou prevwa

**Criminal Justice Reform  
Information for Defendants: What to Expect - Haitian**

Pou plis enfòmasyon konsènan refòm jistis penal Nyoudjèze ale sou:  
<https://www.njcourts.gov/courts/criminal/reform.html>

---

## Kisa yo rele refòm jistis penal?

Refòm jistis penal reprezante yon chanjman fondamantal nan kijan akize yo ak dosye yo pwosede nan tribinal Nyoudjèze yo. Le 1ye janvye 2017, leta chanje de yon sistèm ki te prensipalman konte sou kosyon monetè antan ke kondisyon libète pwovizwa a yon sistèm baze sou ris ki pli objektif, ki pwomouvwa sekirite piblik epi tou, li pi jis pou akize yo paske li pa gen anyen pou wè ak kapasite pou peye kosyon monetè.



Sistèm penal jistis la fonde sou de prensip: Ke tout moun ki akize de yon krim inosan toutotan yo pa pwouve li antò epi yo gen dwa konstitisyonèl a yon jijman san delè.

Transfòmasyon sistèm jistis penal Nyoudjèze a se yon kolaborasyon tou lè twa pouvwa gouvènman ki mete tèt ansanm ak travay komite parité sou Jistis Penal, yon komite espesyal ke Dwayen Tribinal la Stuart Rabner de Tribinal Siprèm la te etabli pou analize tout koze ki gen pou wè ak kosyon ansanm ak refòm sou jijman san delè.

## Kisa kap pase si yo arete m?

Yap akize w atravè yon konvokasyon oswa yon manda. Si yo akize w atravè yon konvokasyon, yap lage w de prizon ak yon dat pou retounnen konparèt nan tribinal.

Si yo akize w atravè yon manda, yap transpòte w nan prizon konte a pou tann premye konparisyon nan tribinal. W ap konparèt nan tribinal nan yon delè de 48 lè apati di moman yon enfèmen ou nan prizon. Alòkile, swa ya va lage w sou kondisyon ke tribinal la va enpoze oswa yap kenbe w an detansyon san kosyon paske letà mande detansyon ou san kosyon jis jou jijman a.

Nan ka sa a, y va pwograme yon odyans sou detansyon nan twa a senk jou pita epi jij la va deside si la va akòde petisyon letà a pou kenbe w nan prizon jis jou jijman san kosyon.

Refòm jistis penal la konsi pou ale de yon sistèm kosyon monetè a youn ki baze sou ris dèske w ta kab pa konparèt nan tribinal oswa ou ta ka komèt yon zak pandan ke w sou libète pwovizwa anvan jijman a. Bi li se pou asire ke sèten moun ki akize de zak pa rete nan prizon jis paske yo pa gen mwayen pou peye kosyon.



Si Komisè gouvènman a ta prezante yon petisyon pou mande w rete an detansyon jis jou jijman w an, jij la va konsidere ris ke w reprezante daprè dosye kriminel ou ak nenpòt ki lòt enfòmasyon ki ta afekte ris ke w ta ka pa konparèt oswa komèt yon lòt zak pandan ou sou libètè pwovizwa anvan jijman a. Jij la ta ka detèmine ke w fèt pou rete an detansyon san kosyon. Si jij la ta kwè ke yo ta fèt pou lage w, yon pwogram sèvis anvan jijman kreye pou asire ke w obeyi tout kondisyon libètè pwovizwa w yo. Jij la ka fikse yon kosyon monetè men li pa kab fè sa pou kenbe w nan prizon.

### **Kisa pou mwen fè si yo mete m sou libètè kondisyonèl anvan yo lage m?**

Si tribinal la ta detèmine ke w reprezante yon ris tou piti epi yo ta ka lage w sou pwomès pawòl ou (ROR/Own Recognizance), ou pap gen pou fè anyen ankò. Sinon, yon ofisye Sèvis pre-jijman va siveye w pandan libètè kondisyonèl yo. Siveyans sa a kab enkli apèl telefonik oswa tekst pou raple w pou prezante nan tribinal, egzijè ke w rapòte ba yon ofisye chak semenn oswa chak mwa, oubyen asire ke w obeyi kondisyon pis strik kankou siveyans elektwonik ak detansyon adomisil.

Ofi e amezi ke ris la ogmante, tip siveyans la ap pi strik. Ofisye pre-jijman kab jere dosye w an, a va asire ke yo notifiye w de tout konparisyon nan tribinal nan lavni, la va notifiye tribinal la de tout vyolasyon ke w ta komèt kont kondisyon libètè pwovizwa a, epi tou la ka inisye yon pwosesis pou revoke libètè kondisyonèl sa a.



---

## Kilè yap prezante ka mwen nan jijman?

Si dosye w chita nan men Tribinal Siperyè a epi w ta nan prizon, gen twa dat limit enpòtan ka va aplike sou dosye w.

- Akizasyon fòmèl fèt pou prezante ak piblik nan yon delè de 90 jou.
- Jijman fèt pou komanse nan yon delè de 180 jou aprè akizasyon fòmèl la.
- Gen yon limit jeneral de 2 lane apati de dat detansyon a jijman.

Sèten aktivite ta kab alonje dat limit sa yo nan ka w a, se sa yo rele tan ki pa konte, sa va alonje kantite tan letà genyen pou li prezante ka w oswa akizasyon fòmèl la nan jijman. Yon egzanp se tan li ta pran jij la pou deside tout petisyon ki prezante anvan jijman a.

Si yo ta lage w, dat limit sa yo pap aplike sou dosye w an epi tou la va pwosede daprè dat bi ki etabli yo pa tribinal yo.



Dwayen Tribinal la  
Stuart Rabner

*“Sistèm kosyon ki an plas la pa jis pou akize ki pòv yo, jis paske yo pakab peye kosyon, yo separe de fanmi yo, epi yo kab pèdi travay yo. Konsènan akizasyon ki prezante kont yo, anpil etid demontre ke yap fè fas a de negosyasyon sou deklarasyon kilpabilite ki pi difisil ak presyon pou yo plede koupab poutèt tan yo deja piye nan prizon, epi tou yo resevwa santans ki pi long an konparezon ak lòt akize ki nan menm sitiyasyon avèk yo ki te jwenn mwayen pou peye kosyon.”*



Stuart Rabner  
Dwayen Tribinal la  
Chief Justice

Glenn A. Grant, J.A.D.  
Direktè Administratif Pwovizwa Tribinal yo  
Acting Administrative Director of the Courts

me 2017

njcourts.gov  
12059-Haitian

---